



Pou Piblikasyon Imedya: 26/01/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU ENVESTISMAN BIDJETÈ NAN LWÈS
NEW YORK**

Vil Tonawanda pral resevwa 10 milyon dola nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la; Vil Aurora ak Vilaj Gowanda pral resevwa 4.5 milyon dola yo chak nan pwogram NY Forward la

Yo chwazi University at Buffalo pou òganize Empire AI, yon sant entelijans atifisyèl dènye modèl

Tesla pral envesti 500 milyon dola pandan senk ane k ap vini yo pou enstale Nouvo Sipè-konpitè Dojo nan Jigafaktori Riverbend lan nan Buffalo pou alimante veyikil otonòm yo

50 milyon dola pou sipòte inisyativ lokal kont povrete, enkli 12.25 milyon dola pou Buffalo

Òganizasyon Yon Sèl Rezo pou Patenarya Rejyonal sou Fabrikasyon Avanse (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP) pou kreye sant devlopman mendèv nan kat kote ki gen gwo enpak atravè pati Nò Eta

4 milyon dola nan finansman pou Roswell Park Cancer Institute pou finanse nouvo kamyon mobil pou depistaj kansè nan tete ak pwostat epi elaji aktivite tès depistaj yo

Gouvènè Kathy Hochul jodia mete aksan sou investisman Bidjetè yo nan rejyon Lwès New York la. Vil Tonawanda pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rjyon Lwès New York nan setyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la, ansanm ak Vilaj Gowanda ak Vil Aurora/Vilaj West Falls kòm gayan NY Forward pou rejyon Lwès New York la ane sa a, k ap resevwa 4.5 milyon dola yo chak. Gouvènè a te anonse tou ke Inivèsite nan Buffalo yo chwazi University at Buffalo (Inivèsite Buffalo) pou òganize Empire AI, yon sant entelijans atifisyèl dènye modèl. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse 50 milyon dola nan Asistans Tanporè Federal pandan yon sèl fwa pou Fanmi ki nan Nesesite yo pou sipòte inisyativ lokal kont povrete a, ki gen ladan 12.25 milyon dola pou Buffalo.

Bati sou Bidjè a, Gouvènè a te òganize Yon Sèl Rezo pou Patenarya Rejyonal sou Fabrikasyon Avanse (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP) kreye sant devlopman nan espas travay nan kat kote ki gen gwo enpak atravè Eta New York. Dènyèmman, Gouvènè Hochul te anonse 4 milyon dola nan finansman pou Roswell Park Cancer Institute pou finanse nouvo kamyon mobil pou depistaj kansè nan tete ak pwostat epi elaji aktivite tès depistaj yo.

"Li lè pou nou korije mal pase yo, epi n ap fè sa nan kontinye angajman nou pou rebati ak remonte kominote yo nan eta a." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman sa yo pral ede revitalize bèl sant vil nou yo, kreye djòb pou sipòte ekonomi lokal la, epi bay Nouyòkè yo plis opòtinite ak opsyon pou yon lavi ki epanouyi alavni."

Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" tankou DRI men se pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Tou de asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon pwojè imedya pou sipòte yon rekipasyon ki pi ekitab pou anba lavil la. Avèk angajman Gouvènè a ane sa ki se 100 milyon dola chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak NY Forward, Eta a te investi kounye a yon total konbine 1 milya dola nan tou de pwogram yo depi kòmansman yo. Gouvènè a te pwopoze yon lòt 100 milyon dola pou chak pwogram, ki totalize 200 milyon dola, nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2025 li a.

Prim 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Vil la pou Tonawanda

Prim DRI Vil Tonawanda a pral bati sou plis pase yon deseni ki gen siksè nan investisman eta ak lokal yo pou maksimize potansyèl li pou revitalizasyon. Plan Vil la pral sèvi ak pozisyon estratejik li yo ak resous litoral ki gen anpil valè yo pou kreye yon anviwònman ki pi atiran ak pwospè Pwojè DRI yo konsantre sou pote investisman piblik ak prive sou litoral la pou atire plis rezidan, vizitè ak aktivite ekonomik nan anba lavil la. Melanj divès pwojè piblik ak prive yo genyen ladan yo redevlopman ak itilizasyon mikis nan bilding/sit ki vid ak lojman ak espas komèsyal; devlopman litoral yo ak aksè; amelyorasyon santye; amelyorasyon lari; espas evènman; ak atraksyon touristik.

"Vil Jim" Tonawanda ki se North Tonawanda, jis akote Kanal Erie a, te resevwa yon prim DRI nan Faz 5 pwogram nan an 2021. Tou de zòn anba lavil DRI sou Kanal la sou bò opoze yo epi ankouraje aksè ak devlopman litoral.

Prim 4.5 milyon dola NY Forward pou Aurora ak Gowanda

Vil Aurora pral konsantre prim NY Forward li a sou Vilaj West Falls, ki jwe yon wòl istorik kòm yon sant prensipal riral sou Cazenovia Creek. Plan an pral pwofite reous natirèl Vilaj la, bèl karaktè riral yo ak kominote angaje pou kreye yon kominote ki pi akeyan, ki pratik pou pyeton ak plis vèt pou rezidan yo ak vizitè yo ki gen ladann ekipman lokal inik ak aktivite ki an sante, aktivite kiltirèl ak aktivite deyò ki akse sou fanmi. Pwojè NY Forward yo pwopoze yo enkli yon bibliyotèk ak sant kominotè ki renove; konplèks lojman divèsifye pou itilizasyon mikis; yon magazen jeneral ak fèm

mitil; konsè ak sant atizay amelyore; depo tren retabli; ak amelyorasyon santye tren pou plizyè itilizasyon.

Vilaj Gowanda te deja prepare teren an pou yon renesans anba lavil la lè li anbrase potansyèl li kòm yon vrè destinasyon pou ti vil, angaje nan planifikasyon davans ak fè investisman estratejik. Prim NY Forward la pral bati sou momantòm sa a epi akonpli vizyon kominote a pou anba lavil la lè l sèvi avèk istwa rich li ak abondans resous natirèl li yo kòm yon fondasyon pou kwasans ekonomik, devlopman atraksyon inik ak investisman kontinyèl nan resous lwazi ki egziste deja yo. Pwojè yo pwopoze yo enkli restorasyon istorik Hollywood Theatre; amelyorasyon nan eskisyon Wout Ray New York ak Lak Erie a; netwayaj ak redevlopman yon sit federal Superfund an Gateway Park ki sitiye nan Cattaraugus Creek nan sous tribitè Zòn Itilizasyon Miltip Zoar Valley a; ak devlopman yon mikwo-brasri.

Vil Tonawanda te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li a epi jenere nouvell opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Tonawanda rejwenn Jamestown, Olean, Lockport, Niagara Falls, Buffalo, North Tonawanda ak Dunkirk, ki te gayan rejyon Lwès New York nan sis premye faz DRI yo.

Tonawanda pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè ki aliyen ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè vanse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan yo pou setyèm faz DRI a pral fini an 2024.

Aurora ak Gowanda pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Envestisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliyen ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Envestisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant

aktivite epi katalizè pou investisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan sis premye ane pwogram nan, eta a te angaje 700 milyon dola pou investi nan 69 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman ak opòtinite. Kominote k ap patisipe yo dezinye pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

Konsènan Pwogram NY Forward la

[NY Forward](#) se yon eleman santral nan politik devlopman ekonomik Eta a. Pwogram nan travay dekonsè ak DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon sant vil ki pi piti ak riral yo atravè Eta a pou tout kominote yo ka benefisye nan efò revitalizasyon Eta a, kèlkeswa gwosè, karaktè, bezwen ak defi yo. Tou de pwogram yo ap kreye yon mas kritik anba lavil dinamik nan chak rejyon nan Eta a k ap amelyore devlopman ekonomik, kalite lavi ak divèsite sosyo-ekonomik.

Yon fwa yo atribiye, kominote NY Forward yo soutni pa yon konsiltan planifikasyon pwofesyonèl ak yon ekip ekspè ajans Eta k ap dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOS) pou devlope yon Plan Investisman Estratejik ki gen ladann yon seri pwojè transfòmatif, konplemantè epi ki fasil pou egzekite. Pwojè NY Forward yo adapte yon fason ki apwopriye pou gwosè chak kominote; pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa ki amelyore ak lòt pwojè ki amelyore kalite kiltirèl ak istorik espesifik ki defini ak distenge cham ti vil ki defini minisipalite sa yo.

Plan ak pwojè Investisman Estratejik yo se yon Komite Planifikasyon Lokal ki pilote yo, ki mennen anpil sansibilizasyon ak angajman nan kominote a. Depatman Deta bay tou anpil asistans teknik ak webimè pou ranfòse kapasite yo — ki gen anplwaye, ekspè ak kamarad nan kominote DRI yo — ki vize pou sipòte kominote ki ka gen mwens resous ak kapasite pase pi gwo kominote iben yo.

Sant Enfòmasyon pou Entelijans Atifisyèl

Empire AI se yon konsòsyòm patnè akademik piblik ak prive ki pral konstwi ak itilize yon sant enfòmasyon pou entelijans atifisyèl dènye modèl ki pral lokalize nan University of Buffalo pou fasilite inovasyon, rechèch responsab ak devlopman ekonomik. Plis pase

400 milyon dola nan finansman piblik ak prive yo te angaje pou kreye Empire AI, ki gen ladan jiska 275 milyon dola nan sibvansyon Eta a ak lòt finansman.

Gouvènè a te mande Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Office of Information Technology Services, ITS) an pou pibliye yon politik AI inik ki etabli prensip ak paramèt ajans eta yo kapab evalye ak adopte sistèm AI pou pi byen sèvi Nouyòkè yo.

Gouvènè Hochul te anonse tou Tesla, yon konpayi otomobil ak enèji pwòp Ameriken, pral enstale sipèkonpitè Dojo 500 milyon dola li a ki gen kapasite pou trete plizyè milyon tera-oktè (TB) done ki soti nan veyikil elektrik Tesla yo nan Jigafaktori Riverbend lan ki chita nan Buffalo, Konte Erie. Done sa yo pral pèmèt konpayi an amelyore sekirite ak enjenyeri tout veyikil otonòm li yo ak avanse veyikil ki mande asistans chofè. Desizyon Tesla a te enfòmè pa rezèv kouran fyab New York la, gwo filyè talan ak disponiblite espas ki ka itilize pou pwojè a.

Inisyativ kont Povrete yo

Gouvènè Hochul te anonse 50 milyon dola nan Asistans Tanporè Federal pou Fanmi ki nan Nesesite yo (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) pandan yon sèl fwa pou sipòte inisyativ lokal kont povrete a, ki gen ladan 12.25 milyon dola pou Vil Buffalo. Nèf sou dis premye kòd postal Eta New York ki gen pi gwo pousantaj povrete lakay timoun yo nan Nò Eta New York epi plis pase mwaye timoun ki nan kòd postal sa yo nan fanmi k ap viv anba nivo povrete federal la.

Yon Sèl Rezo pou Patenarya Rejyonal sou Fabrikasyon Avanse (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP)

Gouvènè Hochul te òganize Yon Sèl Rezo pou Patenarya Rejyonal sou Fabrikasyon Avanse pou kreye sant devlopman mendèv nan kat kote ki gen gwo enpak atravè pati Nò Eta New York. Sa bati sou angajman Gouvènè a pou prepare Nouyòkè yo pou travay demen yo ak plizyè pwopozisyon pou ranfòse devlopman mendèv atravè Eta New York. ON-RAMP ofri kalifikasyon ak fòmasyon ki gen rapò ak manifakti avanse epi konsantre sou bay opòtinite pou popilasyon defavorize yo. Pwogram nan pral konsantre sou rejyon ki nan nò Eta New York, sou koridò I-90 la soti nan Tech Hub (Sant Teknoloji) Buffalo-Syracuse-Rochester a rive Albany, ki se modèl Sant Fòmasyon Mendèv Northland Buffalo a.

ON-RAMP pral katalize patenarya ant patwon yo, enstitisyon edikatif yo, òganizasyon kominotè yo, ak gouvènman Eta ak lokal yo. Chak sant pral konstwi konpetans gwoup travay lokal la, konekte patwon yo ak travayè kalifye yo bezwen yo, epi devlope ranp aksè ekonomik dirab pou jwenn fòmasyon, aprantisaj, ak travay pou popilasyon ki defavorize yo.

Roswell Park Cancer Institute

Gouvènè a te anonse tou 4 milyon dola nan finansman pou Roswell Park Cancer Institute pou finance nouvo kamyon mobil pou depistaj kansè nan tete ak pwostat epi elaji aktivite tès depistaj yo Nan mwa oktòb 2023, Gouvènè Hochul te anonse premye

sant terapi selilè ak jenitè New York ki pral lokalize nan Roswell Park Comprehensive Cancer Center nan Buffalo, Konte Erie.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)